

# Kondisyon pou kredi

## Diplòm lokal, Regent ak Regent Avanse

Elèv dwe satisfè kondisyon egzamen ki nan do paj sa a, anplis, yo dwe gen kredi pi ba yo pou yo ka resevwa yon diplòm lokal, Regents oswa avanse. Kondisyon pou kredi yo se menm pou tout tip diplòm, eksepte pou diplòm Regents avanse yo kote yo di sa pi ba a.

Kondisyon minmòm <sup>1</sup>	
<b>Konpozisyon Lang Anglè <i>English Language Arts</i> (ELA)</b>	8
<b>Syans sosyal</b> <i>Kredi yo repati konsa:</i> Istwa jeneral (4) Istwa Etazini (2) Patisipasyon nan Gouvènman (1) Ekonomi (1)	8
<b>Matematik</b> Ki gen omwen de (2) kredi Matematik avanse (paegzanp Jewometri oswa Aljèb II)	6
<b>Syans (ak sesyon laboratwa)</b> <i>Kredi yo repati konsa:</i> Life Science (2) Syans fizik (2) Syans imèn oswa Syans fizik (2)	6
<b>Lòt lang ki pa lang angle <i>Languages Other Than English</i> (LOTE)<sup>2</sup></b>	2 (6 pou Regent avanse) <sup>3</sup>
<b>Art vizyèl, Mizik, Dans, ak/oswa Teyat</b>	2
<b>Edikasyon fizik</b> Chak ane, yo repati yon fason espesifik	4
<b>Sante</b>	1
<b>Kou ochwa</b>	7 (3 pou Regent avanse)
<b>Total</b>	<b>44</b>

## Preparasyon pou Kolèj ak Karyè

Kou ak kredi ki sou bò goch la obligatwa pou elèv gradye avèk yon diplòm, men li ka nesèsè pou yon elèv gen kou ak eksperyans anplis pou li prepare toutbon pou reyisi nan kolèj ak karyè. Kou ak eksperyans ki sou lis pi ba yo ede elèv prepare pou tranzisyon soti nan lekòl segondè ale nan kolèj oswa mache travay la.

Kou ki ede elèv Prepare pou Kolèj ak Karyè	
<b>Matematik:</b> 8 kredi nivo Regents, tankou yon seri ki gen omwen matyè sa yo : ✓ Aljèb I ✓ Jewometri ✓ Aljèb II	<b>Kou avanse (AP)</b> Kou Plasman avanse <i>Advanced Placement</i> (AP)  Kou Bakaloreya entènasyonal <i>International Baccalaureate</i> (IB)  Kou pou kredi kolèj tankou: ✓ College Now ✓ CUNY <i>Early College</i>
<b>Syans:</b> 8 kredi nivo Regents, tankou yon seri ki gen omwen twa nan matyè sa yo : ✓ Living Environment ✓ Chimi ✓ Fizik ✓ Yon kou Syans Plasman avanse <i>AP science</i>	

## Kredi altènatif pou fen etid

Pou kounye a gen de akreditasyon ki disponib: Akreditasyon CDOS ak akreditasyon Konpetans ak Reyalizasyon yo dekri pi ba a. Kredi altènatif pou fen etid **pa ekivalan yon diplòm lekòl segondè**. Elèv ki pran kredi sa yo elijib pou kontinye ale lekòl jiskaske yo pran yon diplòm lekòl segondè oswa jiska fen tout ane lekòl ki fè yo 21 ane (kèlkeswa yonn nan sitiyasyon sa yo ki rive an premye). Yo ka bay kredi sa yo sèlman apre omwen 12 ane edikasyon, san konte ane kindergarten lan. Pou plis enfòmasyon sou sètifika sa yo, elèv yo ta dwe mande lekòl yo ye a.

Sètifika nan Seremoni gradyasyon Devlopman Karyè ak Etid pwofesyonèl <i>Career Development and Occupational Studies</i> (CDOS)	Abilite ak akonplisman pou seremoni gradyasyon
Rekonèt preparasyon elèv pou nivo travay moun k ap fèk debite atravè metriz nòm aprantisaj CDOS yo. Elèv yo ka resevwa sètifika sa a apre yo fini yon plan karyè, yon pwofil pou djòb ak 216 èdtan eksperyans sou preparasyon pwofesyonèl ki gen ladan omwen 54 èdtan aprantisaj ki baze sou travay pratik lekòl la kore. Yo ka bay akreditasyon sa a poukont li, kòm yon andòsman pou yon diplòm, oswa kòm +1 opsyon (gade do paj sa a pou plis enfòmasyon).	Kredi sa a rekonèt ladrès ak akonplisman elèv nan domèn akademik, devlopman karyè, ak lòt baz nesèsè pou lavi, aprantisaj, ak travay apre lekòl. Yo ka bay kredi sa a sèlman ba elèv ki gen andikap koyitif grav ki pran Evalyasyon altènatif Eta Nouyòk <i>New York State Alternate Assessment</i> (NYSAA).

<sup>1</sup>Kantite kredi obligatwa Eta apwouve ak seri kou fòmasyon pwofesyonèl edikasyon teknik *Career Technical Education* (CTE) yo varye dapre pwogram etid espesifik. Yo ka egzije elèv yo pou yo akimile plis pase 44 kredi total pou yo ka gradye ak yon andòsman CTE. Elèv nan pwogram CTE yo dwe poze lekòl yo kesyon konsènan egzijans sa yo.

<sup>2</sup>Elèv ki gen yon IEP ki montre li gen yon andikap ki afekte kapasite l pou aprann yon lang ka fè eksepsyon pou egzijans LOTE a, men fòk li toujou gen 44 kredi total la.

<sup>3</sup>Elèv k ap pran yon diplòm Regents avanse ak andòsman Arts oswa CTE, oblije gen 2 kredi LOTE sèlman. Gade lòt bò paj la pou jwenn plis enfòmasyon sou andòsman sa yo.

# Kondisyon pou egzamen

Tip diplòm	Lokal (elèv ki elijib sèlman) <sup>4</sup>	Regents	Regents Avanse	Preparasyon pou Kolèj ak Karyè
Elèv dwe satisfè kondisyon kredi ki sou lis nan do paj sa a, anplis, yo dwe fè nòt pou yo pase egzamen pi ba yo pou yo kapab resevwa yon diplòm lokal, Regents, oswa Regents avanse. Diplòm lokal la disponib sèlman pou elèv ki elijib pou Safety-Net oswa ke yo te akòde apèl espesifik. <sup>4</sup> Nòt obligatwa ak egzamen elèv la dwe fè yo varye depann tip diplòm elèv la ap chèche genyen an.				Egzamen nou mete agoch yo obligatwa pou elèv gradye avèk yon diplòm, men lè yon elèv pran pi gwo nòt nan egzamen yo, pran egzamen anplis, ak jwenn andòsman diplòm, sa ka ede elèv fè tranzisyon avèk siksè soti nan lekòl segondè pou ale nan kolèj oswa mache travay la. Lè elèv fè nenpòt nan nòt pi ba yo pou lekti, tèks ak matematik, sa ka anpeche yo pran klas mizanivo nan CUNY.
<b>Egzamen Regents<sup>5</sup></b>				<b>Akonplisman ki ede elèv Prepare pou Kolèj ak Karyè</b>
<b>Kondisyon minimòm</b>				<b>Lekti ak Disètasyon:</b>
<b>Konpozisyon Lang Anglè English Language Arts (ELA)</b>	55 oswa plis	65 oswa plis	65 oswa plis	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Nòt 75 oswa plis pou egzamen anglè Regents</li> <li>✓ Nòt 480 oswa plis pou Analiz tèks SAT, Vèbal I oswa Lekti ak tèks ki baze sou evidans</li> <li>✓ Nòt 20 pou oswa plis pou ACT nan anglè</li> <li>✓ Nòt ki di yo pase nan egzamen evalyasyon CUNY</li> </ul>
<b>Syans sosyal</b> • Istwa Etazini OSWA • Istwa jeneral ak Jewografi	55 oswa plis nan yon egzamen Syans sosyal	65 oswa plis nan yon egzamen Syans sosyal	65 oswa plis nan yon egzamen Syans sosyal	<b>Matematik:</b>
<b>Matematik</b> • Aljèb I, • Jewometri, OSWA • Aljèb II	55 oswa plis nan yon egzamen Matematik	65 oswa plis nan yon egzamen Matematik	65 oswa plis nan tout egzamen Matematik	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Nòt 80 oswa plis nan nenpòt egzamen Regents Matematik AK yon nòt ki di yo pase nan kou Aljèb II/Trigonometri oswa yon kou Matematik nivo siperyè</li> <li>✓ Nòt 70 oswa plis pou egzamen Regents aljèb I oswa jewometri Common Core oswa Nòt 65 oswa plis pou egzamen aljèb/trigonometri</li> <li>✓ Nòt 500 oswa plis pou Matematik SAT oswa nòt 530 oswa plis pou seksyon matematik SAT (mas 2016 ak apre)</li> <li>✓ Nòt 21 oswa plis pou Matematik ACT</li> <li>✓ Nòt ki di yo pase nan egzamen evalyasyon CUNY</li> </ul>
<b>Syans</b> • <i>Living Environment</i> , • Jewoloji, • Chimi, OSWA • Fizik	55 oswa plis nan yon egzamen Syans	65 oswa plis nan yon egzamen Syans	65 oswa plis nan <i>Living Environment</i> AK yon lòt egzamen Syans	<b>Lòt reyalizasyon:</b>
<b>Lòt lang ki pa anglè Languages Other Than English (LOTE)</b>	Pa obligatwa	Pa obligatwa	65 + nan yon egzamen LOTE NYC <sup>6</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Fè yon nòt nivo 3 oswa plis nan nenpòt Egzamen AP</li> <li>✓ Fè yon nòt nivo 4 oswa plis nan nenpòt Egzamen Bakaloreya Entènasyonal <i>International Baccalaureate</i> (IB)</li> <li>✓ Pase yon kou ki bay kredi pou kolèj ak nòt "C" pou pi piti</li> <li>✓ Pran yon diplòm Regents avanse</li> <li>✓ Pran yon diplòm ki gen andòsman CTE ak/oswa pase egzamen teknik ke endistri rekonèt pou pran yon lisans ak/oswa yon sètifika</li> <li>✓ Pran yon diplòm ki gen andòsman Arts</li> </ul>
<b>+1 opsyon<sup>5</sup></b>	55 oswa plis nan nenpòt lòt egzamen Regents oswa nan opsyon +1 Eta apwouve	65 oswa plis nan nenpòt lòt egzamen Regents oswa nan opsyon +1 Eta apwouve	65 oswa plis nan nenpòt lòt egzamen Regents oswa nan opsyon +1 Eta apwouve	<b>Andòsman nan Diplòm</b>
Elèv yo ka pran andòsman nan diplòm ki rekonèt yo pase lòt kou ak egzamen avèk siksè. Elèv yo ta dwe mande lekòl yo si yo elijib pou nenpòt nan andòsman sa yo: Andòsman pou Arts, Seal of Biliteracy, andòsman CDOS, andòsman CTE, Honors Designation, Metriz Matematik, Metriz pou syans, ak Service Seal.				
<p><sup>4</sup> Kèk elèv, ladan elèv ki gen andikap, kapab gen opsyon anplis pou yo ranpli kondisyon pou yo gradye. Elèv sa yo ka elijib pou diplòm lokal, ki ka pèmèt elèv gradye avèk nòt ki pi piti. Elèv ak fanmi yo dwe pale sou opsyon yo avèk lekòl yo.</p> <p><sup>5</sup> Lòt evalyasyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk apwouve ka satisfè opsyon+1 an oswa ranplase yon egzamen ki obligatwa. Elèv yo ta dwe mande lekòl yo ye a enfòmasyon pou konnen si opsyon sa yo disponib, paegzanp opsyon 4+CDOS la. Elèv k ap itilize opsyon CDOS+1 la dwe fè yon plan karyè, yon pwofil pou djòb ak 216 èdtan eksperyans sou preparasyon pwofesyonèl ki gen ladan omwen 54 èdtan aprantisaj ki baze sou travay pratik lekòl la kore.</p> <p><sup>6</sup> Yon elèv k ap pran yon andòsman pou Arts oswa CTE avèk diplòm Regents avanse pa bezwen pran egzamen LOTE. Menm jan an tou, yon elèv ki gen andikap kote IEP li fè konnen ke andikap sa a afekte abilite elèv la pou aprann yon lang, pa oblije pran egzamen LOTE a pou li resevwa yon diplòm Regents avanse.</p>				